



PREKOSYON POU SEKIRITE NAN MANJE

UPDATED: 02/2014

Nan ka blakawout, ou dwe pran prekosyon pou asire manje w yo senesòf. Risk pou manje anpwazone vin pi wo lè frijidè w ak fou w pa travay. Jete tout manje ki te chita deyò pou dezèdtan ou plis, epi tout manje ki genyen yon odè ki pa nòmal, koulè oswa konsitans. Se pou toujou sonje ti pawòl sa – ***Si ou genyen dout, jete yo nan fatra!***

Moun ka pratike fason senesòf pou sere manje, pou yo ka evite maladi ki sòti nan manje ki gate si yo swiv etap senp sa yo:

- Toujou kite yon tèmomèt nan frijidè w la. Tanperati an fèt pou l toujou li à 41 degre ou mwens.
- Yon frijidè ki ranpli kapab kenbe tanperati frèt pi lontan pase youn ki ranpli amwatye. Mete anpil glas oswa pake glase pou asire tanperati an rete frèt san rete. Si ou ka jwen sa, 25 liv glas sèch ap kenbe yon frizè 10 pye kibik byen fre pandan 3 a 4 jou. Mete bon jan gan ki sèch e epè epi fè byen atansyon lè nap opere glas sèch lan, pou nou pa blese oswa frape.
- Wa kapab manje ki te deja mou nan frizè si li “toujou byen glase”.
- Ze ak lòt manje bezwen pou yo kenbe anba yon tanperati ki 41 degre Fahrenheit (F) oubyen yon tikal mwens. Pinga ou manje okenn manje ki gate !.
- Se pou toujou lave men ou avèk savon ak dlo ki te bouyi oubyen dezenfekte, e ki refwadi. Main w yo fèt pou toujou lave avan ou prepare manje, aprè ou fin itilize twalèt oubyen aprè ke ou fin chanje yon kouchèt bebe, aprè ou fin manyen manje ki potko kwit, aprè ou fin jwe avèk bèt domestik ou yo, apre ou fin manyen fatra, aprè ou fin okipe yon moun ki malad, apre ou mouche nen w, touse oubyen etènye, aprè ou fin patisipe nan netwayaj inondasyon, ak aprè ou fin manyen bagay ki te kontamine avèk dlo egou ak dlo inondasyon ki te kontamine.
- Evite kontaminasyon kwaze Sa rive lè genyen bakteri danjere ki transfere nan manje an ak lòt bagay, planch vyann oswa istansil yo. Konbat “kwazman-kontaminasyon,” sa vle di lè ou pa janm mete okenn kalite manje nan yon asyèt ki te genyen vyann kri, poul, ak fwui de mè.
- Lè w ap griye manje, limen chabon pou ke griy la ka chofè pou 20-30 minit, oubyen jiskaske chabon vin tou wouj et yo genyen yon ti kouch san blanch sou yo.
- Itilize yon tèmomèt vyann pou asire manje an te rive yon degre yon tanperati entèn ki senesòf.
 - Anbègè ak vyann poul moulen fèt pou yo kwit jiskaske li rive 160 F.
 - Mòso Poul : 170 F.
 - Wosbif, tranch vyann ak lòt gwo mòso vyann bèf 145 F. (prèske kri) and 160 F (medyòm).
 - Ou fèt pou kwit pwason yo jiska li vinn tounen yon koulè opak (sa vle di ke li pa transparan ankò) epi vyann la separe fasil.

- Itilize manje ak dlo ki sanitanize ak bòl dlo pou bèt familyal ou yo. Asire w bèt familyal yo pa bwè dlo sou sifas inondasyon ki kontamine yo.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou manje ki senesòf, rele nimewo liy gratis Vyann ak Poul USDA/FSIS lan nan 1-888-674-6854 (Meat and Poultry Hotline at 1-888-674-6854). Espesyalis nan sekirite manje (tou de en Anglè ak Panyòl) la apatide 10 zè di maten jiska 4 è nan laprè midi EDT panda la semèn la nan tout ane an.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante konte lokal ou an oswa vizite www.floridahealth.gov oswa www.floridadisaster.org.

Liy Enfòmasyon pou Kadijans nan Florid: 1-800-342-3557.